दिन– बुधवार दिनांक–18.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ अमरीकी राष्ट्रपति डॉनल्ड ट्रम्प सँ बातचीत मे स्पष्ट कयलनि जे पाकिस्तानक संग मामिला सुलझयबा मे भारत कखनहुं तेसर पक्षक मध्यस्थता कैँ स्वीकार नहि कएलक आओर आगुओ नहि करत। प्रधानमंत्री श्री मोदी राष्ट्रपति ट्रम्पक संग फोन पर बातचीत कयलनि आओर हालहि के ऑपरेशन सिंदूरक बारे मे चर्चा कएलनि। प्रधानमंत्री मोदी स्पष्ट रूपैँ कहलनि जे भारत–अमरीका व्यापार समझौता आओर भारत–पाकिस्तानक बीच हालक सैन्य कार्रवाई रोकबाक लेल अमरीकाक मध्यस्थता कैँ लऽकऽ कखनहुं कोनो स्तर पर बातचीत नहि भेल। प्रधानमंत्री कहलनि जे संर्घष विराम रोकबाक लेल भारत आओर पाकिस्तानक बीच सीधा तौर पर बातचीत भेल। ई बातचीत पाकिस्तानक अनुरोध पर दुनू देशक सेना सभक बीच स्थापित माध्यमक जरीय भेल। विदेश सचिव विक्रम मिसरी बतएलनि अछि जे पैंतीस मिनटक बातचीतक दरमियान प्रधानमंत्री मोदी दोहरेलनि जे भारत आब आतंवादी कृत्य सभकैँ छद्म कार्रवाई नहि बल्कि युद्धक कार्रवाई मानत।

---

मैथिली साहित्यकार नेहा झा मणि समेत देशभरिक तेईस टा साहित्यकार सभकैँ एहि वरखक साहित्य अकादमी युवा पुरस्कार प्रदान कएल जाएत। नेहा झा मणि कैँ हुनक कविता संग्रह **बनारस आ हम** कऽ लेल ई पुरस्कार देल जाएत। साहित्य अकादमीक अध्यक्ष माधव कौशिकक अध्यक्षता मे आइ भेल अकादमीक कार्यकारी मंडलक बैसार मे ई निर्णय लेल गेल। पुरस्कार स्वरूप मोमेंटो आओर पचास हजार टाकाक नगद राशि प्रदान कएल जाएत।

---

राज्यक सभ सरकारी स्कूल सभ मे एकैस जून कैँ एगारहम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक अवसर पर योग संगमक आयोजन कएल जाएत। बिहार शिक्षा परियोजना परिषदक निदेशक मयंक वड़वडे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी लोकनि कैँ निर्देश जारी कऽ एहि दिन स्कूल खोलि कऽ रखबाक निर्देश देलनि अछि। निर्देश मऽ कहल गेल अछि जे योग संगमक आयोजन भोरक साढ़े छओ बजे सँ पौने आठ बजे धरि कएल जाएत। जाहि मे शिक्षक सभ आओर छात्र–छात्रा लोकनिक भाग लेब आवश्यक रूपैँ सुनिश्चित कएल जाएत।

———————————————————————————

राज्यक प्रथम उपमुख्यमंत्री बिहार विभूति अनुग्रह नारायण सिंहक आइ जयंती अछि। एहि अवसर पर विधानमंडल परिसर मे आयोजित समारोह मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा समेत राज्य मंत्री मंडलक कतेको सदस्य लोकनि बिहार विभूतिक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि।

———————————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ पटना स्थित राजभवन परिसर मे राजेन्द्र भवन, राज्पाल सचिवालय आओर राजभवन अतिथि गृहक आधारशिला रखलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा एवं भवन निर्माण विभागक मंत्री जयंत राज उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

भारत आयुष्मान भारत डीजिटल मीशनक माध्यम सँ डीजिटल स्वास्थ्य व्यवस्थाक निर्माणक दिशा मे आगु बढ़ि रहल अछि। केन्द्र स्वास्थ्य आओर परिवार कल्याण राज्यमंत्री अनुप्रिया पटेल आकाशवाणी समाचारक संग विशेष साक्षात्कार मे कहलनि अछि जे, एखन धरि सतहत्तरि करोड़ देशवासी सभक आयुष्मान भारत स्वास्थ्य खाता पहचान पत्र बनि चुकल अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार एहि वर्ष पंद्रह अगस्त सँ राष्ट्रीय राजमार्ग सभ पर यात्रा सुगम बनयबाक लेल तीन हजार टाकाक कीमतबला फास्टटैग आधारित वार्षिक पासक शुरूआत करत। सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्री नीतीन गड़करी एकटा सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जानकारी दैत कहलनि जे एहि सँ देश भरि मे राष्ट्रीय राजमार्ग सभ पर निर्वाध रूपेँ आओर किफायती यात्रा संभवन भऽ सकत। ओ कहलनि जे ई वार्षिक पास लागू होयबाक तिथि सँ एक वर्ष व अधिकतम दू सय यात्रा सभक लेल वैध रहत। ई पास गैर–व्यवसायिक छोटका निजि वाहन सभ जेना कार, जीप आओर वैनक लेल तैयार कएल गेल अछि। श्री गडकरी बतएलनि अछि जे एकरा लेल एकटा समर्पित लिंक जल्दीए राज्यमार्ग यात्रा ऐपक संग–संग भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण आओर सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालयक आधिकारिक वेबसाईट पर उपलब्ध होयत।

———————————————————————

निगरानी विभागक टीम रोहतास जिलाक बिक्रमगंज प्रखंड मे पदस्थापित प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी बीईओ सुधीरकांत शर्मा आओर लेखा सहायक सुभाष कुमार कैँ एकटा शिक्षक सँ घूस लैत रंगे हाथ गिरफ्तार कएल गेल अछि। आरोपी बीईओ छिहत्तरि सय टाका आओर लेखा सहायक सात हजार टाकाक घूस लऽ रहल छलाह। गोटपा आदर्श मध्य विद्यालयक शिक्षक विद्याभूषन ट्रेनिंगक दरमियान एरियर राशिक भुगतान आओर सर्विस बुकक संधारणक बदले बीस हजार टाकाक घूस मांगल जाएबाक शिकयात पर ई कार्रवाई कएल गेल अछि। निगरानीक टीम एहि दुनू कैँ गहन पूछताछक लेल पटना लऽ गेल अछि।

———————————————————————

राज्यक पूर्वी भाग सभ मे दक्षिण– पश्चिम मॉनसूनक प्रभाव सँ बरखाक सिलसिला शुरू भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार पूर्णियां, किशनगंज, सुपौल, अररिया आओर आस–पासक क्षेत्र सभ मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान मध्यम बरखा दर्ज कएल गेल अछि। एम्हर, पटना समेत दक्षिण–बिहारक अधिकतर भाग सभ मे मौसम मे तेज परिवर्तन आएल अछि। आंशिक रूप सँ मेघ लागल अछि आओर कतेको स्थान सभ पर हल्का बरखा सेहो भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान राज्यक अधिकतर भाग सभ मे मॉनसून सक्रिय भऽ जाएत। जेकर प्रभाव सँ मध्यम सँ भारी बरखा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————

समाप्त